



Depatman Sekirite Nasyonal Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil

Dwa Sivil Plent

Vèsyon Pou Klase (dènye modifikasyon 08 Me 2020)

Objektif dokiman sa a se pou ede w depoze yon plent dwa sivil/libète sivil ak Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil [Office for Civil Rights and Civil Liberties (CRCL)] nan Depatman Sekirite Nasyonal la [Department of Homeland Security (DHS)] konsènan pwogram ak aktivite DHS. Dokiman sa a pa pou itilize pou plent sou zafè travay ak DHS. Ou pa oblije itilize dokiman sa a pou depoze yon plent; yon lèt ak menm enfòmasyon an ap sifi. Men, si w depoze yon plent ak yon lèt, ou dwe mete menm enfòmasyon yo nou mande nan dokiman sa a.

Misyon CRCL:

Biwo DHS Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil [DHS Office for Civil Rights and Civil Liberties (CRCL)] soutni Depatman Sekirite Nasyonal la man an kote li ap soutni nasyon an pandan lap prezève libète, jistis ak egalite pou chak grenn moun sou lalwa pou pwoteje. Nou investige reklamasyon moun fè sou abi dwa sivil ak libète sivil, pou ede DHS amelyore pwoteksyon ak pwogram yo.

Èske ou genyen yon plent pou DHS sou dwa sivil ak libète sivil? Si w kwè yon anplwaye DHS oswa yon pwogram oswa aktivite DHS te vyole dwa ou, nou ta renmen pale ak ou. Ranpli dokiman sa a, oswa voye yon imèl oswa lèt pou nou.

Dokiman sa a disponib nan lòt lang sou www.dhs.gov/file-civil-rights-complaint. Nou aksepte plent nan lòt lang menm si se pa angle. Si w pa pale/ekri ann Angle, CRCL genyen entèprèt ak tradiktè ki ka pale ak ou nan nenpòt lang.

Nan yon pwogram, aktivite, oswa règ DHS, èske yo te:

- Fè diskriminasyon kont ou akòz de ras, gwoup etnik, orijin nasyonal, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, si defini tèt ou tankou fanm oswa gason, oswa andikap ou?
(Remak: pa itilize fòmilè sa a pou pote yon plent kont diskriminasyon nan travay; ale nan www.dhs.gov/filing-equal-employment-opportunity-eeo-complaint)
- Yo refize ba w aksè nan pwogram, aktivite, oswa sèvis DHS ofri oswa soutni paske ou pa pale angle byen?
- Vyole dwa ou pandan w te nan prizon imigrasyon oswa te nan men imigrasyon?
- Fè diskriminasyon kont ou oswa poze ou kesyon ki pa apwopriye sou fason ou te antre Ozetazini?
- Vyole dwa ou pou genyen yo trete ou jis devan lalwa, tankou dwa pou yo avèti ou akizasyon a tan oswa aksè ak avoka ou.
- Vyole egzijans konfidansyalite Lwa Fanm Kont Vyolans oswa egzijans ki gen pou wè ak sityasyon imigrasyon ou?
- Ba ou kou oswa fè ou nenpòt lòt kalite abi?
- Nenpòt vyolasyon dwa sivil oswa libète sivil ki gen pou wè ak yon pwogram oswa aktivite DHS, tankou diskriminasyon yon òganizasyon oswa pwogram ki resevwa asistans finansye nan men DHS ta fè.

Remak sou Konfidansyalite ak anonimite:

- A) Si w vle rete anonim pa mete non ou nan fòm ki pi ba a. Sepandan, CRCL kapab pa ka investige plent ou a amwenske ou bay ase enfòmasyon pou fè yon investigasyon.
- B) Se sèlman moun ki bezwen konnen enfòmasyon ou bay yo, tankou idantite ou, nou pral bay yo, epi nou diskite sa nan Deklarasyon Sou Vi Prive nan fen dokiman sa a. SI W KOCHÈ KARE KI ANBA A, NOU PA PRAL PATAJE IDANTITE OU AK LÒT BIWO, SWA ANNDAN OU DEYÒ DHS, (sòf si li nesesè pou investigasyon sou yon zak kriminel). Men, nou vle ou remake, depi ou tcheke ti kare sa a nan anpil sityasyon, sa pral rann li vrèman difisil oswa enposib, pou nou investige akizasyon ou fè yo.
 - Mwen PA vle CRCL pataje non mwen ak lòt biwo yo, epi mwen konprann souvan desizyon sa a li enposib pou yon investigasyon fèt.

Remak Sou Entèdiksyon Kont Revanch:

Lwa federal entèdi nenpòt anplwaye Federal pran revanch kont yon moun ki depoze yon plent oswa bay CRCL enfòmasyon. Si w kwè ou menm oswa yon lòt moun te viktim yon revanch konsa, tanpri kontakte CRCL touswit pa imèl nan CRCLCompliance@hq.dhs.gov oswa pa telefòn nan 866-644-8369, 866-644-8361 (TTY).

Enfòmasyon Sou Plent la

① Enfòmasyon sou moun ki akize yo te vyole dwa sivil/libète sivil li a

(Ranpli sa ou kapab)

Non: _____
Prenon ak Dezyèm Non *Siyati (Non Fanmi)*

No. Telefòn: Selilè/Mobil _____ Lakay: _____ Travay: _____

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès *Vil* *Eta* *Kòd Postal*

Peyi (Si w pa rete Ozetazini)

Dat Nesans (mwa/jou/ane): _____ Imèl (si w vle bay li): _____

No Kat Rezidans (si w gen youn epi li disponib):

Koche la si w nan prizon kounye a:

Nan ki prizon? _____
Non prizon an *Adrès prizon an*

Koche la a si w gen yon avoka ki reprezante w pou bagay yo ki dekri nan plent la. Si w genyen yon avoka, tanpri bay non avoka a ak enfòmasyon pou kontakte li.

② Eske w ap ranpli fòm plent sa a pou yon lòt moun? Si se sa, tanpri mete enfòmasyon ou menm pi ba a, epi bay enfòmasyon li menm anwo a. (Tanpri sonje ou dwe soumèt konsantman ekri a ak siyati moun ki ap akize pou vyòl dwa sivil oswa libète sil la pou pèmèt CRCL ba ou enfòmasyon.)

Non: _____
Prenon ak Dezyèm Non *Siyati (Non Fanmi)*

Tit Travay (si w vle bay li): _____

Òganizasyon (si gen youn) _____

No. Telefòn: Selilè/Mobil _____ Lakay: _____ Travay: _____

Imèl (si w vle bay li): _____

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès *Vil* *Eta* *Kòd Postal*

Peyi (Si w pa rete Ozetazini)

③ Kisa ki te pase? (Dekri plent w ap fè a. Bay kantite detay posib.)

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

Kilè sa te rive? Si li te rive plizyè fwa, tanpri di kilè pwoblèm nan te kòmanse.

(Si li te rive plis pase yon fwa, mete tout dat yo):

Ki kote sa te pase?

Kote a *(pa egzanp, non prizon an, ayewopò, oswa lòt kote):* _____

Vil: _____ Eta oswa Konte: _____

④ Sou kimoun plent la ye?

Yon anplwaye, moun ki sou kontra, ofisye oswa pwogram nan (koche tout sa ki bon):

- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS)
 - Depatman Dwàn ak Pwoteksyon Fontyè (CBP)*
 - Ofisye Dwàn
 - Ajan Patwòl Fontyè
 - Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA)
 - Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE)
 - Sèvis Sekrè (USSS)
 - Administrasyon Sekirite Transpòtasyon (TSA)*
 - Gad Kòd Ameriken (USCG)
 - Lòt *(spesifye)*
- _____
- Pa konnen
 - Yon moun ki pa anplwaye DHS kap travay sou otorite DHS (egzanp ofisye 287(g)) *(spesifye):*
- _____

*Si plent ou a se pou yon ensidan ki te fèt pandan evalyasyon nan yon ayewopò, estasyon tren, oswa fontyè, ou kapab depoze yon plent ak Pwogram Ankèt Reparasyon Vwayajè Depatman Sekirite Nasyonal (TRIP). Ale sou: www.dhs.gov/trip.

⑤ Mete non nenpòt moun ki kapab te tande oswa wè sa ki te pase a.

(Si ou pa konnen non yo, bay nenpòt detay ou kapab)

Non *(oswa lòt enfòmasyon, tankou ajans la):* _____

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès *Vil* *Eta* *Kòd Postal*

No. Telefòn: _____ Imèl: _____

Non *(oswa lòt enfòmasyon, tankou ajans la):* _____

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès *Vil* *Eta* *Kòd Postal*

No. Telefòn: _____ Imèl: _____

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

⑥ **Eske ou kontakte okenn lòt biwo ki fè pati DHS oswa lòt ajans federal, eta, oswa lokal gouvènman oswa tribinal pou plent sa a?**

Wi: Ajans/Biwo/Tribinal _____ Dat: _____

Non

Si w te fè sa, èske gen okenn moun ki te reponn plent ou a? Wi Non

*(Si se **Wi**, dekri kisa yo te fè pou reponn plent ou a.)*

⑦ **Èske genyen okenn lòt enfòmasyon ou vle fè nou konnen oswa konsidere?** *(Si w bezwen kontinye ak yon lòt paj ki nan fen fòmilè sa a.)*

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

⑧ Si w pa pale Angle byen, tanpri di nou nan ki lang ou ta prefere nou kominike avèk ou.

⑨ Si w genyen difikilte pou konprann fòmilè sa a oswa nenpòt lòt kesyon, kontakte CRCL:

Imèl: CRCLCompliance@hq.dhs.gov

Telefòn: Lokal: 202-401-1474, ou

Apèl Gratis: 866-644-8360

TTY: TTY Lokal: 202-401-0470, ou

Nimewo TTY Gratis 866-644-8361

Faks: 202-401-4708

Nan Sèvis Postal Etazini:

Department of Homeland Security

Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil

Compliance Branch, Mail Stop #0190

2707 Martin Luther King Jr Ave SE

Washington, DC 20528-0190

Remak: Pou mezi sekirite, li kapab pran jiska 4 semèn pou nou resevwa lèt pa lapòs Etazini.

⑩ Pou voye fòmilè sa a pa imèl, tanpri sovgade li, kole li, epi voye li bay CRCLCompliance@hq.dhs.gov. Tanpri kole oswa voye tout enfòmasyon ki soutni plent ou a, tankou dokiman, foto, dosye medikal, akizasyon, oswa deklarasyon temwen.

Voye kopi, pa orijinal yo; epi mete non ou ak dat plent sa a sou chak dokiman. (Fakse bay: 202-401-4708, oswa si w eskane dokiman w yo voye yo bay CRCLCompliance@hq.dhs.gov, oswa poste yo nan adrès ki ekri anlè a.)

Dat fòmilè sa a te ranpli: _____

Pa bliye kenbe kopi plent sa a pou tèt ou.

Deklarasyon Lwa Sou Vi Prive

Otorite: 6 U.S.C. § 345 ak 42 U.S.C. § 2000ee-1 otorize koleksyon enfòmasyon sa a.

Rezon: Depatman Sekirite Nasyonal la (DHS) ap itilize enfòmasyon sa a pou revize ak envestige plent ak enfòmasyon piblik la sou vyòl dwa sivil ak/ou libète sivil ki konsène anplwaye, pwogram aktivite DHS.

Itilize Pa Woutin: Nou kapab pataje enfòmasyon sa a oswa anplwaye ak moun ki sou kontra yo ka itilize li nan DHS si yo bezwen konnen enfòmasyon an pou revize plent ou a. Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil DHS la ka pataje enfòmasyon ou lè li nesèsè ak ajans gouvènman apwopriye ki pa nan DHS oswa ak enstitisyon ki non gouvènmantal pou abòde plent ou a, oswa dapre lwa pibliye Depatman Sekirite Nasyonal li / ALL-029 Dosye Sistèm Dwa Sivil ak Libète Sivil.

Jan Nou Itilize Enfòmasyon: Se si w vle w ap bezwen bay CRCL enfòmasyon sa yo; men, si w pa bay enfòmasyon nou mande yo sa ka bay reta oswa evite CRCL revize ak envestige plent ou a byen. Si li nesèsè, CRCL kapab mande plis enfòmasyon nan men w pou detèmine bon fason pou abòde enkyetid ou yo.

Pou aprann plis sou Lwa Vi Prive a, ale sou www.dhs.gov/privacy.

Ou kapab itilize paj sa yo pou mete plis enfòmasyon sou plent ou a si w bezwen. Tanpri di nan ki nimewo paj w ap kontinye ak li a.

Kontinye sou paj sa a, si w bezwen.

Kontinje sou paj sa a, si w bezwen.